



Nimewo Social Security ou ak Kat

Ki sa ki andedan

Konbyen sa koute?	2
Èske gen diferan tip kat?	2
Kijan mwen kapab jwenn yon SSN pou pitit mwen?	2
E si non mwen chanje?	3
Kijan pou m asire m dosye mwen bon?	3
E si estati imigrasyon oswa sitwayènte m chanje?	4
E si kat mwen an pèdi oswa yo vòlè li?	4
Kijan mwen ka pwoteje SSN mwen?	4
Kontakte nou	4

Ou bezwen yon nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) (SSN) pou travay. Nou itilize SSN pou anrejistre salè ou epi detèmine kalifikasyon w pou Social Security (Sekirite Sosyal) avantaj ak lòt sèvis gouvènman. Anpil enstitisyon finansyè, tankou labank ak konpayi kredi yo, mande nimewo w lè w ap ouvè yon kont tou.

Si ou pa sitwayen Ameriken epi w ap viv Etazini, ou kapab bezwen yon SSN. Pou plis enfòmasyon, ale sou *Nimewo Social Security pou Moun ki pa Sitwayen* (Nimewo Piblikasyon

05-10096). Si ou Etazini tanporèman pou travay, ale sou *Foreign Workers and Social Security Numbers* (Publication No. 05-10107) *Nimewo Sekirite Sosyal pou moun ki pa Sitwayen* (Nimewo Piblikasyon 05-10107)

Kijan mwen ka fè pou mwen gen yon SSN ak kat?

Pou aplike pou SSN ak kat, ale sou paj *Social Security Number and Card* (Nimewo Sekirite Sosyal ak Kat) nan www.ssa.gov/ssnumber (disponib sèlman ann Anglè). Sou paj sa,

ou pral reponn yon pakèt kesyon pou kapab konnen si ou ap kapab:

- Fini ak pwosesis aplikasyon an anliy.
- Kòmanse pwosesis aplikasyon ou an anliy, epi vini ak nenpòt dokiman biwo lokal ou a mande pou ka fini ak aplikasyon an, nan mwens tan.
- Fini ak tout pwosesis aplikasyon ou an nan biwo lokal ou a.

Si ou paka fini ak aplikasyon anliy la, ou dwe ale nan yon biwo **Social Security** (Sekirite Sosyal). Ou ap bezwen ban nou dokiman orijinal oswa foto kopi sètifye biwo ki bay yo a ki pwouve idantite, laj ak sitwayènte/estati imigrasyon. Nou pa kapab aksepte fotokopi oswa kopi notarye pou dokiman yo.

Pou konnen ki dokiman ou bezwen, ale sou www.ssa.gov/ssnumber/ss5doc.htm (disponib sèlman ann Anglè). Yon fwa ou fin ranpli aplikasyon ou an (anliy oswa an pèsòn), nou pral voye kat ou a pou ou nan adrès ou te bay nan aplikasyon ou an. Ou pral resewa kat ou nan 7 a 10 jou ouvrab.

Tout moun ki gen 12 lane oswa plis ki fè demann pou yon SSN orijinal dwe ale nan yon entèvyou an pèsòn, menm si se yon paran oswa responsab legal ki pral gen pou siyen aplikasyon an nan non timoun lan.

Konbyen sa koute?

Ou p ap peye pou SSN ak kat. Si w gen yon moun ki kontakte w epi vle pou w peye pou jwenn yon nimewo oswa yon kat, tanpri sonje sa, sèvis sa yo gratis. Ou ka siyale tout moun ki ap eseye fè w peye nan Office of the Inspector General (Biwo Enspeksyon Jeneral) nan <https://oig.ssa.gov> (Li disponib sèlman ann Anglè).

Èske gen diferan tip kat?

Nou fè 3 tip kat Social Security (Sekirite Sosyal). Tout kat yo gen non w ak SSN.

- 1ye kat la ap gen sèlman non w ak SSN. Moun ki gen kat sa kapab travay san pwoblèm. Nou fè li pou:
 - Sitwayen Ameriken.
 - Moun ki gen estati Rezidan Pèmanan Legal.
- 2yèm kat la gen non ak nimewo epi li ekri, “VALID FOR WORK ONLY WITH DHS AUTHORIZATION” (VALAB POU TRAVAY SÈLMAN AK OTORIZASYON DHS). Nou fè kat sa pou moun ki legalman antre Etazini Tanporèman Department of Homeland Security (Depatman Sekirite Enteryè) (DHS), ki kapab gen pèmi travay.
- 3yèm kat la gen non ak nimewo epi li ekri, “NOT VALID FOR EMPLOYMENT” (PA VALAB POU TRAVAY). Nou fè li pou moun ki soti nan lòt peyi ki reponn ak youn nan sa yo:
 - Moun ki kapab rete legalman Etazini san pèmi travay nan DHS, men ki gen yon bon rezon pou yo pa travay men yo gen bezwen yon SSN.
 - Yo bezwen yon SSN paske lwa federal oblije yo bay SSN pou ka jwenn yon avantaj oswa sèvis.

Kijan mwen kapab jwenn yon SSN pou pitit mwen?

Gen yon nimewo nan moman timoun ou an fèt se yon bon lide. Ou kapab aplike pou yon SSN pou tibebe w la lè ou aplike sètifika nesans pou tibebe ou a. Ajans eta ki fè sètifika nesans yo ap pataje enfòmasyon sou timoun ou ak nou? Nou pral ba w yon SSN epi n ap voye kat Social Security (Sekirite Sosyal) ou pa lapòs pou ou.

Oswa ou kapab tann epi aplike nan nenpòt biwo Social Security (Sekirite Sosyal). Si ou rete tann, ou dwe bay prèv laj, idantite ak estati sitwayènte timoun ou an. Ou dwe bay prèv relasyon w ak timoun nan oswa responsabite ou gen anvè timoun nan. Ou dwe ban nou prèv idantite w tou. Nou dwe verifye dosye sètifika nesans timoun ou an, sa ki kapab ajoute 12 semèn nan

tan sa ap pran pou kat la fèt la. Pou n kapab verifye dosye nesans, nou pral kontakte biwo ki te fè li a.

Nou ka bay timoun ou adopte a yon nimewo avan menm pwosesis adopsyon an fini, men ou kapab vle tann. Aprè sa, ou kapab aplike pou nimewo a pandan w ap itilize nouvo non timoun lan, avèk non w antanke paran li. Si w vle deklare timoun ou an pou rezon taks pandan adopsyon an toujou ankou, kontakte Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service) pou *Fòm W-7A, Application for Taxpayer Identification Number for Pending U.S. Adoptions* (W-7A, Demann Nimewo Idantifikasyon Kontribyab pou Adopsyon Ameriken Ankou). Pou plis enfòmasyon, ale sou *Social Security Numbers for Children* (Publication No. 05-10023) Nimewo Sekirite Sosyal pou Timoun (Nimewo Piblikasyon 05-10023).

E si non mwen chanje?

Si ou chanje non legalman paske ou marye, divòse, òdonans tribinal oswa nenpòt lòt rezon, ou dwe di nou sa pou nou kapab fè yon kat ki korèk. Si w ap travay, di patwon ou sa. Pou kapab kòmanse ak pwosesis pou chanje non, ou kapab suiv etap sa yo nan www.ssa.gov/ssnumber (disponib sèlman ann Anglè).

Si ou pa mete n okouran lè non w chanje, sa kapab:

- Bay reta nan ranbousman taks sou revni ou.
- Anpeche salè ou anrejistre korèkman sou Social Security (Sekirite Sosyal) sa ki kapab diminye kantite avantaj ou kapab jwenn alavi sou Social Security (sekirite sosyal).

Si ou bezwen chanje non ou sou kat Social Security (Sekirite Sosyal) ou dwe ba nou yon dokiman ki montre non ou chanje legalman. Dokiman nou aksepte kòm prèv chanjman non ki legal yo se:

- Dokiman maryaj.
- Papyè divòs.

- Sètifika Natiralizasyon ak yon nouvo non.
- Òdonans tribinal pou chanje non.

Si dokiman ou ban nou kòm prèv ou chanje non legalman pa ban nou ase enfòmasyon pou n idantifye w nan dosye nou yo, oswa si ou te chanje non sa gen plis pase 2 lane (si w te gen mwens pase 18 lane sa gen 4 lane), ou dwe montre nou yon dokiman idantite nan ansyen non w (jan li ye nan dosye nou yo). Nou ap aksepte yon dokiman idantite ekspire ki sou ansyen non w.

Si ou pa gen yon ansyen dokiman ki sou ansyen non w ki ekspire, nou ka aksepte yon dokiman ki sou nouvo non w ki pa ekspire. Nou ka fè sa jiskaske nou kapab jwenn idantite w nan dosye nou yo.

Nouvo kat ou a ap gen menm nimewo ki nan ansyen kat ou a men li ap gen nouvo non w.

Kijan pou m asire m dosye mwen bon?

Chak ane anplwaye ou a voye yon kopi Fòm W-2 (*Wage and Tax Statement*) (*Deklarasyon Salè ak Taks*): Nou konpare non w ak SSN sou Fòm W-2 ak enfòmasyon ki nan dosye nou yo. Nou mete salè ki sou Fòm W-2 nan rejis sale Social Security (Sekirite Sosyal) ou a.

Li vrèman enpòtan pou non ak SSN sou kat Social Security (Sekirite Sosyal) ou mache ak dosye pèman anplwaye ou a ak Fòm W-2. Sa a pral pèmèt nou kredite salè w nan rejis ou. Se si w vle pou w asire w dosye Social Security (Sekirite Sosyal) ou ak dosye anplwaye w yo mache ansanm. Si non w oswa nimewo ki sou kat Social Security (sekirite sosyal) ou a pa bon, kontakte nenpòt biwo Social Security (Sekirite Sosyal) pou fè chanjman. Verifye Fòm W-2 w la pou asire w dosye anplwaye w la kòrèk epi, si l pa kòrèk, bay anplwaye w la enfòmasyon kòrèk la.

Ou ka verifye dosye salè w ak kont pèsonèl *my* Social Security (Sekirite Sosyal mwen). Pou kapab revize salè w, ale sou www.ssa.gov/myaccount (disponib sèlman ann anglè) epi kreye yon kont.

E si estati imigrasyon oswa sitwayènte m chanje?

Si estati imigrasyon ou chanje oswa vin yon sitwayen Ameriken, ou ta dwe di nou sa pou nou kapab mete dosye ou ajou. Pou estati imigrasyon ou oswa sitwayènte w kapab vin ajou nan dosye nou yo, ou ap bezwen ban nou dokiman ki pwouve nouvo estati imigrasyon ou oswa sitwayènte w. Nou kapab aksepte sèlman kèk dokiman antanke prèv Sitwayènte Ameriken pou nouvo oswa kat ranplasman yo. Tankou yon sètifika nesans ameriken, paspò Ameriken, Sètifika Natiralizasyon oswa Sètifika Sitwayènte. Si ou pa yon sitwayen Ameriken, Sekirite Sosyal pral mande wè dokiman imigrasyon ou.

E si kat mwen an pèdi oswa yo volè li?

Ou ka ranplase kat Social Security (Sekirite Sosyal) ou oswa pitit ou gratis si li pèdi oswa yo volè li. Poutan, ou gen dwa ak twa (3) ranplasman kat pou yon ane oswa 10 pandan tout lavi w. Chanjman non legal ak lòt eksepsyon yo pa konte nan limit sa yo. Pa egzanp, chanjman nan estati non sitwayen ki mande pou mete kat yo ajou ka pa konte nan limit sa yo. Epitou, petèt ou kapab pa limite ak bagay sa yo si ou ka pwouve ou bezwen kat la pou ou evite yon difikilte enpòtan.

Pou kapab jwenn yon katranplasman Social Security (Sekirite sosyal) ou ta dwe ban nou dokiman ki pwouve idantite w. Ou ta dwe montre nou tou dokiman ki pwouve laj ak sitwayènte Ameriken w, si yo poko nan dosye nou yo.

Kat ranplasman ou a ap gen menm non ak nimewo ki sou ansyen kat ou a.

Pou kapab jwenn yon kat Social Security (Sekirite Sosyal) pou ranplasman, ou ap bezwen suiv etap sa yo nan www.ssa.gov/ssnumber (disponib sèlman ann Anglè).

Kijan mwen ka pwoteje SSN mwen?

Ou dwe trete SSN tankou enfòmasyon ki konfidansyèl epi evite pataje l si l pa nesèsè. Ou dwe kite kat Social Security (Sekirite Sosyal) yon kote ki sekirize ak lòt papyè enpòtan ou yo. Pa mache ak li sof si ou bezwen montre yon anplwaye oswa yon founisè sèvis li.

Nou fè plizyè bagay pou pwoteje nimewo w la pou yo pa mal itilize l. Pa egzanp, nou mande epi nou byen enspekte prèv idantite moun ki aplike pou ranplase yon kat Social Security (Sekirite Sosyal) ki pèdi oswa yo volè oswa ki aplike pou korije yon kat Rezon ki fè n fè sa se pou anpeche moun jwenn SSN yo nan fwod pou kapab gen yon fo idantite.

Nou kenbe konfidansyalite rejis Social Security (Sekirite Sosyal) sof si:

- Lalwa oblije nou pataje enfòmasyon ou yo bay yon lòt ajans gouvènman.
- Yo bezwen enfòmasyon ou yo pou Social Security (Sekirite Sosyal) oswa lòt pwogram gouvènman pou sante oswa èd sosyal.

Ou dwe fè anpil atansyon lè w ap bay nimewo ak kat ou pou pwoteje nimewo w pou yo pa mal itilize li. Se ou ki pou deside bay nimewo w menm si se ou yo mande nimewo w la.

Si yo mande l, ou dwe mande:

- Poukisa yo bezwen nimewo w?
- Kòman yo pral itilize nimewo w?
- Kisa k ap rive si w refize?
- Ki lwa ki egzije ou bay nimewo w?

Repons kesyon sa yo ka ede ou deside si ou vle bay SSN ou. Si w pa fin konnen, pa pataje SSN ou jiskaske ou kapab konfime sa pou yo fè l.

Kontakte nou

Gen plizyè fason pou ou kontakte nou, tankou anliy, nan telefòn, epi fasafas. Nou la pou nou reponn kesyon ou yo epi pou nou sèvi ou. Social Security (Sekirite Sosyal) gen plis pase

85 lane depi li ap ede plizyè milyon moun asire jodi ak demen yo, lè li pèmèt yo jwenn avantaj ak pwoteksyon finansyèl pandan tout lavi yo.

Ale sou sit entènèt nou an

Fason ki pi pratik pou ou fè aktivite ki lye ak Social Security (Sekirite Sosyal), se anliy nan www.ssa.gov (disponib ann Anglè ak Espanyòl). Ou kapab akonpli anpil bagay. Gen kèk nan sèvis sa yo ki disponib ann Anglè sèlman. Pou ede ou fè aktivite ki lye ak Social Security (Sekirite Sosyal),

- Aplike pou Extra Help with Medicare prescription drug plan costs (Èd Siplematè ak plan depans pou medikaman sou preskripsyon Medicare) (disponib ann Anglè sèlman).
- Aplike pou pifò kalite avantaj yo (disponib ann Anglè sèlman).
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo (disponib nan plizyè lang).
- Jwenn repons pou kesyon moun poze souvan yo (disponib ann Anglè ak Espanyòl).

Lè ou kreye yon kont *my* Social Security, (disponib ann Anglè sèlman), ou kapab menm fè plis.

- Verifye *Social Security Statement* ou a (Deklarasyon Sekirite Sosyal).
- Verifye salè ou.
- Jwenn estimasyon pou avantaj yo pi devan.
- Enprime yon lèt verifikasyon avantaj.
- Chanje enfòmasyon sou depo dirèk ou.
- Mande yon kat Medicare ranplasman.
- Jwenn yon ranplasman SSA-1099/1042S.
- Mande yon kat Social Security ranplasman, si ou pa gen okenn chanjman epi Eta ou a ap patisipe.

Aksè nan kont pèsònèl *my* Social Security ou a kapab limite pou itilizatè ki pa Ozetazini.

Rele nou

Si ou pa kapab itilize sèvis anliy nou yo, nou kapab ede ou pa telefòn lè ou rele biwo Social Security (Sekirite Sosyal) nan zòn ou an oswa Nimewo Nasyonal gratis 800 nou an. Nou bay sèvis entèprèt gratis sou demann. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou biwo ki nan zòn ou an lè ou antre Kòd postal ou nan paj entènèt lokalizasyon biwo nou yo (aktout loka-lizasyon biwo nan zòn nan disponib ann Anglè sèlman, ou kapab antre kòd postal ou pou ou jwenn biwo nan zòn ki pi pre a).

Ou kapab rele nou nan **1-800-772-1213** — oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si ou soud oswa ou pa tandè byen — ant 8:00 a.m. – 7:00 p.m., Lendi rive Vandredi. **An jeneral, tan ou ap tann pou pale ak yon reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal) pi kout lè Mèkredi rive Vandredi oswa pi ta nan jounen an.** Pou ou jwenn sèvis entèprèt gratis nou an, rete sou liy lan epi fè silans pandan mesaj vokal otomatik ann Anglè yo, jiskaske yon reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal) reponn ou. Reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal) a ap kontakte yon entèprèt pou ede ou nan apèl la.

Epitou, nou ofri anpil sèvis telefòn otomatik ann Anglè ak Espanyòl, ki disponib 24 èdtan pa jou, yon fason pou ou pa bezwen pale ak yon reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal).

Si ou gen dokiman nou bezwen verifye, pa bliye dokiman yo dwe se orijinal oswa kopi ki sètifye nan ajans ki bay yo a.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration
Publication No. 05-10002-HC | January 2023 (Recycle prior editions)
Nimewo Social Security ou ak Kat
Your Social Security Number and Card (Haitian Creole)
Produced and published at U.S. taxpayer expense
Yo pwodui epi yo pibliye li ak lajan taks kontribyab Ameriken yo